



Asistans pou Antèman akòz COVID-19 FEMA ak HRA NYC an: Pwosesis pou Jwenn Sètifika Desè a

Kijan pou mwen fè demann pou pwogram Asistans pou Antèman akòz COVID-19 nan kad Lwa sou Jesyon Ijans Federal la (Federal Emergency Management Act, FEMA) oswa pou pwogram Asistans pou Antèman akòz COVID-19 Administrasyon Resous Zimèn NYC an (Human Resource Administration, HRA)?

- Pou fè demann pou pwogram Asistans pou Antèman akòz COVID-19 FEMA a, ale sou [fema.gov/disasters/coronavirus/economic/funeral-assistance](https://www.fema.gov/disasters/coronavirus/economic/funeral-assistance).
- Pou fè demann pou pwogram Asistans pou Antèman akòz COVID-19 HRA NYC an, ale sou www1.nyc.gov/site/hra/help/burial-assistance.page.

Ki moun ki gendwa mande yon sètifika desè ki montre kòz lanmò a?

Se sèlman moun ki gen relasyon sa yo ak moun ki mouri an ki kapab mande ni sètifika desè a ni kòz lanmò a: mari/madanm, konpayon/konpay ki te plase avèk li, paran, pitit, frè/sè, granparan, pitit-pitit, rapòtè ki gen non li sou sètifika a ak moun ki responsab dispozisyon yo.

Kijan pou mwen jwenn yon sètifika desè ki montre kòz lanmò a pou yon moun ki te mouri nan NYC?

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC (Depatman Sante NYC) an bay sètifika desè pou lanmò ki rive nan senk awondisman NYC yo (Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens ak Staten Island) epi yo disponib lè etablisman medikal la fin rapòte lanmò yon moun epi Depatman Sante NYC an anrejistre ka a.

Lè gen yon mezon finèb ki mele, fason ki pi rapid pou jwenn yon sètifika desè se kòmande li nan men antreprenè ponp finèb ki te fè aranjman pou fineray yo. Antreprenè ponp finèb la kapab kòmande sètifika desè yo pou ou jiska de (2) ane apre lanmò moun nan. Pa bliye mande pou li kòmande li avèk rapò kòz lanmò a.

Si yon mezon fonèb pako mele oswa si ou pa kapab kòmande sètifika desè a nan men antreprenè ponp finèb la, ou kapab kòmande li tou anliy nan [vitalchek.com](https://www.vitalchek.com). Konsilte [pa jwèb sou Sètifika Desè](#) Depatman Sante NYC a pou plis enfòmasyon sou fason pou kòmande yon sètifika desè. Lè ou chwazi "FEMA Covid-19 Relief" (Sekou pou COVID-19 FEMA a) kòm rezon kòmman ou an, y ap otomatikman ajoute kòz lanmò a nan kòmman ou an.

Kisa frè pou pou sètifika desè a ye?

Chak kopi sètifye koute 15 dola. Ap gen frè anplis lè ou fè kòmman yon sètifika anliy.

Èske mwen ap genyen yon kopi sètifye anrejistremant desè a?

Wi. Depatman Sante NYC an pral bay yon kopi sètifye sètifika desè orijinal la. Yon sètifika desè ki gen sètifikasyon NYC gen ladan plizyè eleman sekirite pou garanti sètifika a otantik. Si ou gen dwa ak kòz desè a (konsilte sa ki anwo a), ou pral resevwa tou "Confidential Medical Report" (Rapò Medikal Konfidansyèl) la ki montre kòz desè a. Dokiman sa a montre tou non moun ki mouri an ak nimewo sètifika desè a, epi li enprime li sou papye bond.

Kijan pou mwen mande yon kòz desè si kòz desè a pa make sou sètifika desè a?

Tanpri mande kòz desè a lè ou kòmande sètifika desè a.

Èske genyen yon frè separe pou kòz desè a?

Non. Pa gen okenn frè anplis pou kòz desè a.

Kisa pou mwen fè si kòz lanmò a montre "pending" (annatant)?

Si kòz desè a montre "pending" (annatant), ou kapab chanje sètifika desè a nan yon delè twa mwa apati dat yo te bay sètifika desè orijinal la. Dat yo te bay li an make jis anba sètifika desè a. Ou kapab kòmande tou yon nouvo sètifika desè ki montre kòz desè a anliy, ke ou pral resevwa pi rapid pase lè ou chanje sètifika desè a.

Poukisa sètifika a montre kòz desè a te kòz natirèl lè yon moun te mouri anba COVID-19?

Nan mwa avril 2020 an, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo te decide ke nan ka lanmò akòz enfeksyon COVID-19, fason moun lan mouri a pral prèske toujou natirèl.

Kisa pou mwen fè si kòz desè a pa montre COVID-19?

Moun k ap fè demann ki te gen pou fè depans pou antèman akòz COVID-19 ant 20 janvyè ak 16 me 2020 pral kapab depoze yon sètifika desè ki pa di lanmò a se COVID-19 avèk yon deklarasyon siyen fonksyonè ki sètifye a ki gen non li sou sètifika desè a, kowonè a oswa medsen lejis la ki fè rapò ant lanmò a ak COVID-19. Deklarasyon ekri an dwe gen ladan anchenman kòz ak efè a oswa yon eksplikasyon, ki fè rapò a ant kòz lanmò ki sou sètifika desè a ak viris la epi yo dwe depoze li avèk sètifika desè a.

Moun k ap fè demann yo kapab kontakte tou pwofesyonèl medikal oswa etablisman medikal ki te sètifye lanmò a pou mande yon amannman sètifika desè si yo kapab bay jistifikasyon ki demontre lanmò a dwe poutèt COVID-19. Si ou se rapòtè yo mete sou sètifika desè a oswa moun ki responsab dispozisyon yo, ou te mèt depoze yon demann nan Depatman Sante NYC an pou modifiye kòz lanmò a. W ap jwenn enstriksyon sou sa w ap gen pou depoze a [sou paj wèb sa a](#), nan Kesyon Yo Poze Souvan yo, "What is the process to correct a death certificate?" (Kisa pwosesis la ye pou korije yon sètifika desè?).

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sityasyon an ap evolye. 7.3.21